

Responsab Legal pou Granmoun

Yon **Responsab Legal pou Granmoun** se yon moun ou chwazi ki pou pran tout desizyon pou ou. Pafwa yo rele yo yon Responsab Legal Konplè. Ou pa kapab deside ki moun ki pral responsab legal ou. Responsab legal ou a pa bezwen pèmisyon w anvan li pran desizyon pou ou. Se doktè w la ki deside si w dwe genyen yon responsab legal an premye. Apresa se yon **jij** ki apwouve ki moun ki pral responsab legal ou. Gen de kalite responsab legal konplè: **Yon Responsab Legal Moun** ak **Responsab Legal Byen**. Yon Responsab Legal Moun pran desizyon konsènan swen sante w ak lavi prive w. Yon Responsab Legal Byen pran desizyon konsènan lajan w. Ou ka gen yon responsab legal oswa plis pase yon responsab legal k ap pran desizyon sa yo pou ou.

Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason yon responsab legal pran desizyon pou ou.

Lajan

Yon **Responsab Legal Byen** kapab:

- Kontwòl kont labank ou
- Depoze enpo ou yo
- Aplike pou avantaj Sekirite Sosyal

Swen Sante

Yon **Responsab Legal Moun** kapab:

- Pran randevou medikal ou yo
- Deside ki tretman medikal w ap resevwa

Yon **Responsab Legal Byen** kapab:

- Jere depans pou swen medikal alontèm

Lekòl

Yon **Responsab Legal Moun** kapab:

- Chwazi lekòl ou
- Pran desizyon sou aranjman Pwogram Edikasyon Endividyèl ou yo (Individualized Education Program, IEP)

Lavi Prive

Yon **Responsab Legal Moun** kapab:

- Deside ki kote pou ou vwayaje
- Pran desizyon konsènan lavi renmen w ak relasyon renmen w
- Pran desizyon sou maryaj

Lojman

Yon **Responsab Legal Moun** kapab:

- Deside ki kote pou ou viv
- Deside ak kiyès pou ou viv

Yon **Responsab Legal Byen** kapab:

- Pran desizyon finansye sou byen pèsònèl ou yo ak byen imobilye w yo
- Jere depans nan kay ou yo

Lavi apre lekòl segondè

Yon **Responsab Legal Moun** kapab:

- Chwazi opòtinite pou ou travay
- Detèmine orè travay ou
- Pran desizyon sou aranjman w yo nan travay

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025).

Responsab legal pou granmoun. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

Plis enfòmasyon sou Gad Legal pou Granmoun

Kiyès ki pran desizyon?

Responsab Legal ou a pran desizyon pou ou. Se pa ou ki chwazi responsab legal ou a ni ou pa chwazi lè pou li pran desizyon pou ou. Se yon jij ki apwouve yon moun oswa plizyè moun ki gen otorizasyon pou yo pran desizyon pou ou.

Èske yo mande yon odyans nan tribinal pou yon Gad Legal pou Granmoun?

Wi, yon odyans nan tribinal nesesè pou ou nonmen yon responsab legal oswa plizyè responsab legal. Se yon jij nan tribinal la ki pral di si gad legal la nesesè oswa si gen mwens **chwa** sipò restriksyon ki disponib. Yon moun ki vle vin yon responsab legal dwe depoze yon **petisyon** nan tribinal la. Yon petisyon se yon kalite demann alekri ou bay tribinal la. Apresa yon jij apwouve yon responsab legal oswa plizyè responsab legal pou ou.

Èske ou ka chanje yon Gad Legal pou Granmoun? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Pa gen anpil chans pou yo chanje yon gad legal, men li posib. Pou ou fè yon chanjman nan gad legal ou a, ou menm oswa responsab legal ou a kapab depoze yon petisyon nan tribinal. Yon odyans nan tribinal nesesè apre yo fin depoze petisyon an. Si yon chanjman nesesè, yon jij ka deside yon nouvo responsab legal pou ou.

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Gad Legal pou Granmoun?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Gad Legal pou Granmoun se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://www.courts.delaware.gov/chancery/guardianship/> pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Gad Legal nan Delaware.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025).

Responsab legal pou granmoun. University of Delaware Center for Disabilities Studies.